**दिन–मंगलवार** **दिनांक–11.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नवगठित केन्द्रीय मंत्री परिषदक कतेको मंत्री आई अपन कार्यभार सम्हारि लेलनि अछि। अमित शाह आई गृह मंत्रालय मे केन्द्रीय मंत्री के पदभार ग्रहण कयलनि। ओ सहकारिता मंत्रालयक कार्यभार सेहो सम्हारलनि। अन्नपूर्ण देवी महिला आ बालविकास मंत्री के पद सम्हारलनि। शिवराज सिंह चौहान कृषि आ किसान कल्याण मंत्रालय, गजेन्द्र सिंह शेखावत संस्कृति मंत्रालय, हरदीप सिंह पुरी केन्द्रीय पेट्रोलियम आ गैस मंत्रालय तथा सुरेश गोपी एहि मंत्रालयक राज मंत्री के पदभार ग्रहण कयलनि। अर्जुन राम मेघवाल कानून आ न्याय मंत्रालयक राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार के रूप मे कार्यभार ग्रहण कयलनि। कार्यभार ग्रहण कयलाक बाद ओ कहलनि जे लंबित मामिला सभक निबटारा हुनक मंत्रालयक सर्वोच्च प्राथमिकता होयत। केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव आई सुचना आ प्रसारण मंत्री के रूप मे अपन कार्यभार सम्हारलनि। ओतहि, डॉक्टर एल. मुरूगन एहि मंत्रालयक राज्यमंत्री के कार्यभार ग्रहण कयलनि। गिरिराज सिंह केन्द्रीय कपड़ा मंत्री, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक नेता चिराग पासवान केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री के रूप मे कार्यभार ग्रहण कयलनि। ओतहि केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह पंचायती राज आ मत्स्य पालन, पशु पालन आ डेयरी मंत्री के रूप मे पदभार सम्हारलनि।

---

एम्हर, उजियारपुर सँ भाजपा सांसद नित्यानंद राय आई केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री के पदभार ग्रहण कयलनि। जदयूक रामनाथ ठाकुर केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण राज्य मंत्री के रूप मे अपन पदभार सम्हारलनि। जीतनराम मांझी सुक्ष्म लघु आ मध्यम उद्योग मंत्रालयक कार्यभार ग्रहण कयलनि।

---

सर्वोच्च न्यायालय आई राष्ट्रीय–पात्रता–सह –प्रवेश परीक्षा –नीट स्नातक दू हजार चौबीसक बाद मेडिकल कार्यक्रम मे प्रवेश काउंसलिंग प्रक्रिया पर रोक लगेबा सँ इनकार कऽ देलक अछि। अदालत पाँच मई के आयोजित नीट परीक्षा निरस्त करबाक मांग वाली याचिका पर राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी– एन.टी.ए आ आन सँ जबाव मांगलक अछि। एहि मामिला के एक

आन लंबित याचिका के संग जोड़ि कऽ आब आठ जुलाई के सुनवाई होयत। परीक्षा मे कदाचार आ धोखाधड़ी के जल्दी आ गहन जांच करेबाक लेल छात्र लोकनि द्वारा याचिका दायर कयल गेल अछि। एहि मे परीक्षा के परिणाम के आपस लेबाक आ नव ढंग सँ परीक्षा अयोजित करेबाक सेहो मांग कयल गेल अछि।

———————————————————————

रूपौली विधानसभा सीट पर उपचुनावक लेल चौदह जून के अधिसूचना जारी कयल जायत। एकैस जून धरि नामांकन दाखिल कयल जा सकत आ नामांकन पत्र सभक जांच चौबीस जून के होयत। नामांकन पत्र आपस लेबाक अंतिम तिथि छब्बीस जून निर्धारित कयल गेल। मतदान दस जुलाई के होयत। जखनकि मतगणना तेरह जुलाई के होयत। विदित अछि जे बीमा भारती के त्यागपत्रक बाद एतऽ उपचुनाव कराओल जा रहल अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक कतेको भाग भीषण गर्मी आ लू के चपेट मे अछि। उमसवला गर्मी सँ जन–जीवन अस्त–व्यस्त भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा के अंतर्गत बेगूसराय, भोजपुर, बक्सर, औरंगाबाद सहित कतेको जिला मे उच्चतम तापमान पैंतालीस डिग्री सेल्सियस आ ओहि सँ उपर दर्ज कयल गेल। एम्हर पैंतालीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग बक्सर आ भोजपुर प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम विभाग अगिला बहत्तरि घंटा के लेल राज्यक दक्षिण–पूर्वी भाग मे कतेको स्थान पर भीषण गर्मी के रेड अलर्ट जारी कयलक अछि। एम्हर स्कूली बच्चा सभ के लू आ भीषण गर्मी के प्रभाव सँ बचेबाक लेल शिक्षा विभाग सभ स्कूल के आई सँ पंद्रह जून धरि बंद करबाक अदेश देलक अछि। शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ आकाशवाणी समाचार के जनौलनि जे एहि दरमियान शिक्षक लोकनि के सेहो छुट्टी देल गेल अछि।

———————————————————————

सीतामढ़ी जिलाक सुप्पी प्रखंडक अख्ता पूर्वी पंचायत मे बागमती नदी मे स्नान करबाक दरमियान तीन बच्चा के मृत्यु भऽ गेल अछि। जखनकि एक आन गोटे के खोजबीन कयल जा रहल अछि। ओतहि बेगूसराय जिलाक सिंघौल थाना क्षेत्रक रतौली गाम मे पोखरि मे स्नान करबाक दरमियान डूबि गेला सँ एक छात्र के मृत्यु भऽ गेल। जखनकि, दू आन छात्र के ग्रामीण लोकनि द्वारा बचाओल गेल।

अररिया जिलाक नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत महादेव चौक पर पुलिस एक पीक–अप वैन सँ माछक हंडी के भीतर नुका कऽ लऽ जा रहल लगभग छओ सय लीटर बीयर बरामद कयलक अछि।

मधेपुरा जिलाक सदर थाना क्षेत्रक पुलिस पच्चीस हजार टाका के इनामी कुख्यात अपराधी आशीष यादव के हथियार संग गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार अपराधी पर हत्या सहित कतेको संगीन अपराध मे संलिप्त हेबाक आरोप अछि।

सहरसा जिलाक सदर थाना क्षेत्र अंतर्गत मत्स्यगंधा के लऽग अपराधी सँ हथियारक जोड़ पर एक निजि फाईनेंस कंपनी के एक कर्मी सँ लगभग आठ लाख तिरसठि हजार टाका लूटि लेलक। लूट के विरोध कयला पर अपराधी सभ कर्मी के चाकू सँ हमला कऽ घायल कऽ देलक। पुलिस मामिलाक जाँच कऽ रहल अछि।

———————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।